

Non: _____



Haitian Creole Edition
Grade 3 2022
Mathematics Test
Session 1
April 26–28, 2022

**Pwogram Egzamen
Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Seyans 1**

Ane 3

26–28 Avril 2022

RELEASED QUESTIONS

Developed and published under contract with the New York State Education Department by Questar Assessment Inc., 5550 Upper 147th Street West, Minneapolis, MN 55124. Copyright © 2022 by the New York State Education Department.

Seyans 1



KONSÈY POU PRAN EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou fè chwa ou.
- Yo ba w yon règ pou w itilize pandan egzamen an. Sèvi ak règ la nenpòt lè ou panse l ap ede w reponn kesyon an.

1 Mesye Green achte 4 pake tas. Chak pake gen 8 tas. Ki ekspresyon ou ka itilize pou jwenn kantite tas Mesye Green achte?

A $8 \div 4$

B $8 - 4$

C $8 + 4$

D 8×4

2 Ki fraksyon ki reprezante ak pwen M sou dwat nimerik ki anba la a?



A $\frac{3}{4}$

B $\frac{2}{4}$


C $\frac{3}{2}$

D $\frac{2}{3}$

KONTINYE

3

Yon elèv te konbine de (2) rektang pou kreye figi ki parèt anba la a.



Ki sifas, an santimèt kare, fòm elèv la te kreye a?

- A 22
- B 37
- C 45
- D 52

4

Yon travayè gen 3 sak galèt pou itilize nan yon jaden. Mas chak sak se 9 kilogram. Kisa ki mas total, an kilogram, tout sak galèt yo?

- A 3
- B 6
- C 12
- D 27

KONTINYE

9 Ki ekspresyon ki ekivalan ak 5×7 ?

A $5 + (4 + 3)$

B $5 \times (4 \times 3)$

C $(5 + 3) \times (5 + 4)$

D $(5 \times 3) + (5 \times 4)$

KONTINYE

10 Zach touche menm kantite lajan an chak semèn nan fè travay lakou. Si li touche \$36 nan fen 4 semèn, konbyen lajan Zach touche chak semèn?

- A \$9
- B \$32
- C \$40
- D \$144

11 Kisa valè 7×70 ye?

- A 49
- B 77
- C 490
- D 770

12 Yon elèv trase yon rektang sou yon fèy papyè. Li make de kote 1 inite ak lòt de kote yo 2 inite. Ki sifas rektang lan?

- A 2 inite kare
- B 4 inite
- C 4 inite kare
- D 6 inite

KONTINYE

15 Ki nimewo ki fè ekwasyon sa a kòrèk?





$$48 \div \underline{\quad ? \quad} = 8$$

- A 6
- B 7
- C 40
- D 56

16 Pati ki kolore an gri nan modèl la ki anba la a reprezante yon fraksyon.







Ki figi ki kolore an gri pou reprezante yon fraksyon ki ekivalan modèl ki la a?



KONTINYE

- 22 Greg mache 1 mil soti lakay li pou ale nan yon magazen. Aprè li mache $\frac{2}{6}$ mil, li kanpe pou pran sant yon flè. Aprè li mache yon lòt $\frac{3}{6}$ mil, li kanpe pou lase tenis li. Ki dwat nimerik ki montre kòrèkteman kote Greg te pran sant flè a ak kote li te lase tenis li a?



KONTINYE

Ane 3
2022
Egzamen Matematik
Seyans 1
26–28 Avril 2022

Grade 3
2022
Mathematics Test
Session 1
April 26–28, 2022

Non: _____



Haitian Creole Edition
Grade 3 2022
Mathematics Test
Session 2
April 26–28, 2022

**Pwogram Egzamen
Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Seyans 2**

Ane 3

26–28 Avril 2022

RELEASED QUESTIONS

Developed and published under contract with the New York State Education Department by Questar Assessment Inc., 5550 Upper 147th Street West, Minneapolis, MN 55124. Copyright © 2022 by the New York State Education Department.

Seyans 2



KONSÈY POU PRAN EGZAMEN AN


Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou fè chwa ou oswa ekri repons ou.
- Yo ba w yon règ pou w itilize pandan egzamen an. Sèvi ak règ la nenpòt lè ou panse l ap ede w reponn kesyon an.
- Pa bliye montre kijan w fè jwenn repons lan lè yo mande ou sa.


26

Ki rektang ki divize an 4 pati egalego?

A




C



B



D



27

Yon magazen bèt gen 4 rezèwva pwason menm gwosè. Yon travayè mete 10 lit dlo nan chak rezèwva pwason. Konbyen lit dlo ototal travayè a mete nan tout rezèwva pwason yo?

A 4





B 6

C 14

D 40

KONTINYE

28 Ki aranjman ki reprezante 3×6 ?



29 Ki modèl nimewo ki itilize règ ajoute 3 a?

A 2, 6, 18, 48, ...

B 3, 7, 11, 15, ...

C 3, 9, 27, 54, ...

D 4, 7, 10, 13, ...

KONTINYE

30 Ki fraksyon ki mwens pase $\frac{1}{4}$?

A $\frac{2}{4}$

B $\frac{4}{4}$

C $\frac{1}{3}$

D $\frac{1}{6}$

31 Mica gen 35 boul chiklèt. Li bay yo tout ba 7 zanmi. Chak zanmi jwenn menm kantite boul chiklèt la. Ki ekspresyon ou ka itilize pou jwenn kantite boul chiklèt Mica bay chak zanmi?

A $35 - 7$

B $35 \div 7$


C $35 + 7$

D 35×7

KONTINYE

32

Figi ki anba la a fèt ak kare inite. Kèk nan kare inite yo kolore an gri epi kèk nan kare inite yo pa kolore an gri.




Ki pwosesis ki dekri yon fason pou jwenn sifas la, an kare inite, pou pati ki kolore an gri nan figi a?

- A konte tout kare inite yo nan tout figi a nèt
- B konte sèlman kare inite ki kolore an gri nan figi a
- C adisyone tout longè kote tout figi a nèt
- D adisyone sèlman longè kote ki kolore an gri yo nan figi a

KONTINYE

33

Dwat nimerik ki anba la a montre yon pwen.



Ki fraksyon ekivalan ki reprezante ak pozisyon pwen an sou dwat nimerik la?

- A $\frac{1}{3}$
- B $\frac{2}{3}$
- C $\frac{2}{4}$
- D $\frac{3}{4}$

KONTINYE

34

Twa klas ale nan yon joune nan zou a. Anba la a se yon lis kantite elèv nan chak klas.

- Klas A gen 24 elèv.
- Klas B gen 23 elèv.
- Klas C gen 25 elèv.

Nan zou a, yo mete tout elèv yo nan 8 gwoup egalego. Konbyen elèv ki nan chak gwoup?



Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ elèv

KONTINYE

35

Sa se yon figi jeyometri anba la a.



Yo ajoute yon lòt ranje 6 kare inite nan figi a. Ki sifas total nouvo figi a ye aprè yo ajoute kare inite yo?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ kare inite

KONTINYE

36

Manadjè nan yon sinema bezwen kòmande 267 nouvo syèj. Si yo vann syèj yo sèlman an gwoup 10, kisa ki **pi piti** kantite syèj manadjè a dwe kòmande?

Eksplike kijan ou fè konnen repons ou an kòrèk.

KONTINYE

37

Sam bezwen rezoud pwoblèm ki anba la a.

$$\underline{\quad ? \quad} \times 7 = 63$$


Li itilize ekwasyon $63 \div 7 = \underline{\quad ? \quad}$ pou jwenn nonm enkonni an. Èske pwosesis sa a pral ede Sam rezoud pwoblèm nan?

Eksplike kijan ou fè konnen repons ou an kòrèk.

KONTINYE

38

Figi ki anba la a fèt ak kare inite.



Ekri epi rezoud yon ekwasyon adisyon **ak** yon ekwasyon miltiplikasyon ou ka itilize pou jwenn sifas figi a.

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

KONTINYE

39

Ekri yon fraksyon ki gen yon valè ki plis pase $\frac{3}{8}$ ak 3 kòm nimeratè a. Pa bliye mete sa w konnen tou sou fraksyon nan repons ou an.

Eksplike kijan ou fè konnen repons ou an kòrèk.

KONTINYE

40

Selena ap antrene pou yon kous. Semèn pase, li te kouri 4 mil chak jou nan 3 jou diferan. Sèvi ak senbòl X la pou fè yon aranjman ki reprezante kantite mil total Selena te kouri semèn pase.

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Semèn sa a, Selena gen plan kouri yon total 20 mil. Si li kouri 4 mil chak jou, konbyen jou li pral bezwen kouri semèn sa a?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ jou

Ane 3
2022
Egzamen Matematik
Seyans 2
26–28 Avril 2022

Grade 3
2022
Mathematics Test
Session 2
April 26–28, 2022